

Pa Prezidan
Thomas S. Monson



Apèl Sovè a pou Sèvi

Tout moun ki te etidye matematik konnen sa yon denominatè komen ye. Pou Sen Dènnye Jou yo, gen yon denominatè komen ki makònen nou ansanm. Denominatè komen sa a se apèl nou chak resevwa pou nou ranpli tach nou nan wayòm Bondye a sou tè a.

Èske ou konn tonbe nan mimire lè w resevwa yon apèl? Oubyen èske w aksepte avèk rekonesans chak opòtinite pou sèvi frè w ak sè w yo, paske ou konnen Papa nou ki nan Syèl la ap beni moun Li aple yo?

Mwen espere ke nou pa p pèdi vrè objektif bèl okazyon nou jwenn pou nou sèvi yo. Objektif sa a, bi etènèl sa a, se menm sa Senyè a te pale a ke nou jwenn nan Pèl Gran Pri a: “Paske, gade, sa a se travay mwen ak laglwa mwen — pou m reyalize imòtalite ak lavi etènèl lòm.”¹

Se pou nou toujou sonje ke manto manm nan Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo se pa yon manto konfò men se yon manto responsablite. Devwa nou, se pa sèlman pou n sove tèt nou, men pou nou gide lòt moun pou yo ale nan wayòm selès Bondye a tou.

Lè nou dispoze pou nou mache sou chemen sèvis Bondye a, nou pap janm nan pozisyon Kadinal Wolsey ki nan Shakespeare la. Lè li te pèdi pouvwa li apre li te fin pase vi l ap sèvi wa l la, li te kriye avèk tristès:

*Si m te sèvi Bondye m nan avèk sèlman mwatye zèl
M te sèvi wa m nan, nan laj mwen ye a li pa t ap janm
kite m toutouni devan enmi m yo.²*

Ki kalite sèvis syèl la mande? “Senyè a mande yon kè ak yon lespri byen dispoze; epi yon moun ki gen bon volonte epi ki obeyisan ap manje bon bagay ki nan peyi Siyon an nan dènnye jou sa yo.”³

Mwen reflechi lè m panse ak pawòl Prezidan John Taylor (1808–87) yo: “Si nou pa mayifye apèl nou, Bondye ap mande nou kont pou moun nou te ka sove si nou te ranpli devwa nou yo.”⁴

Lavi Jezi lè l tap sèvi pami lèzòm te tankou yon pwobjektè byen klere. Jezi te deklare “Mwen nan mitan nou tankou moun k ap sèvi a,”⁵ pandan l t ap geri moun ki te kokobe, fè avèg wè, fè moun soud tande, epi leve moun ki te mouri.

Avèk parabòl Bon Samariten an, Mèt la te anseye nou pou nou renmen pwochen nou menmjan nou renmen tèt nou.⁶ Avèk repons li te bay jenòm rich la, Li te anseye nou pou nou kite egoyis.⁷ Lè l te bay 5,000 moun yo manje a, Li te anseye nou pou nou chèche konn bezwen lòt moun.⁸ Epi avèk Diskou sou Mòn nan, Li te anseye nou pou nou chèche wayòm Bondye a an premye.⁹

Nan Nouvo Mond lan, Senyè resisite a te deklare: “Nou konnen ki bagay nou dwe fè nan legliz mwen an; paske nou dwe fè zèv nou te wè m fè yo, paske se sa nou te wè m fè, nou dwe fè.”¹⁰

Nou beni lòt moun lè nou sèvi selon egzanp “Jezi Nazarèt la . . . ki tap mache fè byen.”¹¹ Bondye ba nou

benediksyon pou nou jwenn lajwa nan sèvi Papa nou ki nan Syèl la pandan n ap sèvi pitit Li yo sou tè a.

NÒT

1. Moyiz 1:39.
2. William Shakespeare, *King Henry the Eighth*, ak 3, sèn 2, liy 456–58.
3. Doktrin ak Alyans 64:34.
4. *Enseignements des Présidents de l'Église: John Taylor* (2001), 164.
5. Lik 22:42.
6. Gade Lik 10:30–37; gade tou Matye 22:39.
7. Gade Matye 19:16–24; Mak 10:17–25; Lik 18:18–25.
8. Gade Matye 14:15–21; Mak 6:31–44; Lik 9:10–17; Jan 6:5–13.
9. Gade Matye 24:32–33.
10. 3 Nefi 27:21.
11. Travay 10:38.

ANSÈYMAN KI SOTI NAN MESAJ SA A

“[Senyè a] pap kite nou echwe si nou fè pati pa nou an. L ap mayifye nou menm odela talan nou ak kapasite nou. . . . Se youn nan pi bèl eksperyans yon kretyen vivan kapab fè” (Ezra Taft Benson, nan *Ansèyman, pa gen pi gwo apèl* [1999], 20). Panse pou ou pataje yon eksperyans kote ou menm oubyen yon moun ou konnen te santi ke Senyè a mayifye talan li ak kapasite li. Envite fanmi an pou pataje kèk nan eksperyans pozitif pa yo lè yo te reponn ak “apèl pou sèvi Senyè a te ba yo.”

JÈN YO

Sèvi nan tanp

Pa Benjamin A.

Lè m te gen 17 an, m te kòmanse panse seryezman sou avni mwen, e m te priye Papa nou ki nan Syèl la pou konnen kisa m ta ka fè pou prepare m pou m al nan misyon ak pou m resevwa Prètriz Mèlkisedèk la. M te santi ke m te dwe ale nan tanp pi souvan paske

se kay Senyè a epi se t ap kote m t ap kapab santi m pi pre Papa m ki nan Syèl la.

Konsa, m te fikse bi pou m te fè 1,000 batèm nan yon ane. Mwen te reyèlman santi ke m te bezwen fikse bi sa a; mwen te jene pou m te konnen si se sa m te dwe fè. Papa nou ki nan Syèl la te reponn mwen, epi m te kòmanse ale nan Tanp Tampico a nan Meksiko chak Samdi.

Aprè m te fin fè 500 batèm, m te fikse bi pou m fè rechèch jeneyalòjik sou zansèt mwen yo, e m te sitèlman renmen fè rechèch m pa t ka dòmi paske m t ap chèche non moun. Mwen te jwenn 50 non ak uit jenerasyon nan istwa famiyal mwen; mwen te ede fè travay tanp pou yo tout.

Mwen te rive fè plis pase 1,300 batèm, epi m te gradye nan seminè, m te resevwa Prètriz Mèlkisedèk la, e kounyeya m ap sèvi kòm misyonè aplantan, sa ki te youn nan pi gwo bi m nan lavi.

TIMOUN YO

Mwen Ka Fè Yon Bagay pou Lòt Moun

Nou chak kapab fè yon bagay pou ede lòt moun. Prezidan Monson te anseye ke nou dwe renmen tout moun epi aprann wè kijan nou ka ede yo.

Lè nou nou ap manje avèk fanmi nou, sigjere pou chak manm nan fanmi an pataje yon bagay li te fè pou sèvi yon moun jou sa a. Ekri pwòp eksperyans pa w nan journal ou chak jou.

© 2012 pa Intellectual Reserve, Inc. Tout dwa rezève. Enprime nan Etazini Damerik. Apwobasyon anglè: 6/11. Apwobasyon tradiksyon: 6/11. Tradiksyon *First Presidency Message, August 2012*. Haitian Creole. 10368 036



Lafwa, Fanmi, Sekou

Aji nan tan bezwen

Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi, si sa apwopriye, diskite li avèk sè w ap vizite yo. Sèvi avèk kesyon yo pou ede w fòtifye sè w yo epi fè Sosyete Sekou jwe yon wòl aktif nan lavi pa w.

Antanke enstriktis nan fwaye, youn nan objektif nou se ede fòtifye fanmi yo ak fwaye yo. Sè n ap vizite yo ta dwe kapab di: “Si m gen pwoblèm, mwen konnen enstriktis nan fwaye m ap ede san m pa bezwen mande.” Pou nou kapab sèvi yo, nou gen responsablite pou nou konnen bezwen sè n ap vizite yo. Lè nou chèche enspirasyon, n ap konnen kijan pou nou reponn nan bezwen espirityèl ak tanporèl chak sè nou responsab pou nou vizite yo. Epi, pandan n ap itilize tan nou, talan nou yo, priyè lafwa nou, ak sipò espirityèl ak emosyonèl, n ap kapab ede nan rann sèvis konpatisan nan moman maladi, lanmò, ak lòt sikonstans espesyal.¹

Gras a èd rapò enstriktis nan fwaye yo, prezidans Sosyete Sekou a idantifye moun ki gen bezwen espesyal akòz maladi fizik oswa emosyonèl, ijans, nesans, lanmò, ankikap, solitud, oswa lòt pwoblèm. Lè sa a, prezidan Sosyete Sekou a pote rapò yo bay evèk la. Sou direksyon evèk la, prezidan Sosyete Sekou a kowòdone èd yo.²

Antanke enstriktis nan fwaye

nou kapab gen “anpil rezon . . . pou nou rejwi” poutèt “benesiksyon sa yo ki te tonbe sou nou yo, pou nou kapab sèvi kòm zouti nan men Bondye pou nou fè gwo travay sa a” (Alma 26:1, 3).

Apati Ekriti yo

Matye 22:37–40; Lik 10:29–37; Alma 26:1–4; Doktrin ak Alyans 82:18–19

Apati Istwa Nou

Nan premye ane yo nan Legliz la, kantite manm yo te piti epi yo te santralize. Manm yo te ka reponn vit lè yon moun te nan bezwen. Jodi a kantite manm nou yo plis pase 14 milyon e yo simaye nan tout mond lan. Vizit nan fwaye fè pati plan Senyè a pou pote èd bay tout pitit Li yo.

Prezidan Henry B. Eyring, Premye Konseye nan Premye Prezidans lan te di: “Sèl sistèm ki ka pote sekou ak rekonfò nan yon legliz si gran nan yon mond si varye konsa se pase pa sèvitè endividyèl ki pwòch moun ki nan bezwen yo.”

Li te kontinye konsa: “. . . Chak

evèk ak chak prezidan branch gen yon prezidan Sosyete Sekou ke yo konte sou li. Li menm li gen enstriktis nan fwaye, ki konnen pwoblèm ak bezwen chak sè. Gras a enstriktis nan fwaye sa yo, prezidan lan kapab konnen kè moun yo ak fanmi yo. Li kapab reponn bezwen yo ak ede evèk la nan apèl li pou pran swen moun yo ak fanmi yo.”³

NÒT

1. Gade *Manyèl 2: Administration de l'Église* (2010), 9.5; 9.5.2.
2. Gade *Handbook 2*, 9.6.2.
3. Henry B. Eyring, nan *Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 110.

Kisa M Ka Fè?

1. Èske m ap sèvi avèk don ak talan mwen yo pou beni lòt moun?
2. Èske sè m ap vizite yo konnen ke m dispoze pou ede yo lè yo nan nesosite?

Pou plis enfòmasyon, ale nan reliefsociety.lds.org.

© 2012 pa Intellectual Reserve, Inc. Tout dwa rezève. Enprime nan Etazini Damerik. Apwobasyon Anglè: 6/11. Apwobasyon tradiksyon: 6/11. Tradiksyon *Visiting Teaching Message*, August 2012. Haitian Creole. 10368 036